

Tout Lang Enpòtan:

Yon Gid pou Fanmi Aprann
Anglè kòm yon Nouvo Lang
nan Lekòl Piblik Vil Nouyòk



Pou pi byen sipòte Elèv k ap Aprann Lang Anglè nou yo, sitou moun ki nan kòmansman eksperyans nan lang Anglè a, Lekòl Piblik Vil Nouyòk yo lanse yon nouvo pwogram Devlopman Lang Anglè (ELD) pou klas kindègadenn jiska 5yèm ane.

Sa a baze sou travay ekstrawòdinè NYC Reads epi li reflekte angajman nou pou n ede chak timoun vin gen konfyans nan lekti, ekri, pale ak konprann Anglè — tout pandan y ap kontinye bay lang matènèl ak kilti enpòtans. Li prezante yon pwogram ki solid pou ansèyman endepandan Anglè kòm yon Nouvo Lang (ENL). Sa a se yon tan dedye ak pwoteje pou elèv ki pale plizyè lang yo pou yo aprann sou lang Anglè a li menm, ki fèt pou akselere konpetans lang yo ki gen rapò ak sa y ap aprann nan lòt klas yo.

Ki sa ENL Endepandan an ye?

Nan kou tankou syans oswa matematik, pitit ou a aprann ann Anglè. Nan ENL Endepandan, pitit ou a gen yon tan dedye ak yon pwofesè sètifye pou aprann konsènan lang Anglè a.

Sa a se pa "èd anplis" oswa tan pou devwa yo bay fè lakay. Se yon pati esansyèl ak solid nan ansèyman pitit ou a, ki fèt pou bati konfyans li ak konpetans li nan lang Anglè akademik, tankou gramè, vokabilè, ak estrikti fraz.

Kijan L ap Ede Pitit Ou A?

Objektif prensipal la se bay yon ansèyman klè ak estriktire pou ede pitit ou a:

Koute

Konprann lang Anglè yo pale nan anviwònman akademik ak sosyal.

Pale

Eksprime ide yo yon fason klè, patisipe nan konvèsasyon, epi prezante enfòmasyon ann Anglè.

Li

Devlope konpetans pou konprann epi analize tèks ann Anglè ki baze sou nivo klas yo.

Ekri

Aprann konstwi fraz ak paragraf klè e ki gen sans ann Anglè.

Poukisa Pale Plizyè Lang Enpòtan?

Pale plizyè lang bay Gwo posibilite. Timoun ki grandi ap pale plis pase yon lang gen fòs inik:

- Souvan yo pi bon nan rezoud pwoblèm epi yo panse yon fason ki laj.
- Yo ka konekte ak plis moun ak kilti.
- Yo gen yon avantaj nan karyè alavni ak opòtinite mondyal.

Esè sa a pa fèt pou ranplase lang pitit ou a pale lakay li. Okontrè, esè sa a fèt pou amelyore kalite ansèyman lang Anglè a, pou ede pitit ou a ranfòse konpetans li nan lang Anglè ak kapasite pou l aprann.

Ak Kisa Yon Klas ENL Endepandan Sanble?

Yon klas ENL ki gen bon kalite se yon klas aktif, ki pouse elèv la fè efò e ki bay sipò. Ou pral wè yon klas ki genyen:

Anpil pale ak travay ann ekip.

Klas la vivan ak elèv k ap pale youn ak lòt! Pitit ou a pral itilize Anglè yon fason aktif nan konvèsasyon estriktire, deba, ak pwojè an gwoup, li pa pral sèlman fè fich travay poukont li.

Travay ki difisil e ki gen kalite wo nivo.

Pitit ou a pral travay sou travay ki difisil, nan nivo klas li, ki respekte prensip aprantisaj Eta Nouyòk la, avèk sipò li bezwen pou l reyisi.

Koneksyon ak lòt matyè l yo.

Klas la pral bati sou sijè pitit ou a ap aprann nan lòt klas li yo. Y ap aprann vokabilè presi, gramè, ak estrikti fraz ki nesèsè pou alfabetizasyon, syans, ak syans sosyal.

Sèvi ak lang matènèl ou kòm yon zouti.

Pwogram nan wè lang matènèl pitit ou a kòm yon zouti pisan pou aprantisaj. Pwofesè yo ap ede pitit ou a wè koneksyon ant lang matènèl li ak Anglè pou devlope konpetans li.

Kesyon pou w poze lekòl pitit ou a

Ki diferans ki genyen ant kou ENL endepandan pitit mwen an ak lòt kou l yo?

Kijan pwofesè a itilize lang matènèl pitit mwen an kòm yon fòs nan kou ENL la?

Kijan w ap kontinye mete m okouran de objektif pwogram nan ak pwogrè pitit mwen an?

Kijan W Ka Ede Lakay Ou - Kèlkeswa Lang Ou Pale A?

Lang matènèl ou enpòtan! Pale, li, ak aprann nan lang matènèl ou bati bonjan konpetans lang ki ede pitit ou aprann Anglè pi vit e pi byen.

Men kèk bagay senp ou ka fè:

- Li epi pale nan lang ou pale lakay ou - sa bati vokabilè epi ranfòse alfabetizasyon an jeneral.
- Mande pitit ou a pou l esplike nan nenpòt lang sa l ap li - konpreyansyon gen priyorite.
- Bati vokabilè - pale sou nouvo mo ann Anglè ak nan lang matènèl ou.
- Pataje istwa ak eksperyans fanmi w - sa ede timoun yo konekte aprantisaj lekòl ak pwòp lavi yo.
- Fè lekti tounen yon abitud - eseye 20 minit pa jou, kit pitit ou a li poukont li, avè w, oswa pou yon ti frè oswa sè.
- Familiarize w ak aplikasyon lekti lekòl ou a itilize souvan, tankou resous sou entènèt tankou SORA. Mande èd pou w aprann fason pou w navige nan resous oswa pwogram si w santi w bezwen plis sipò.
- Asiste Reyinyon Anyèl ELL pitit ou a pou w aprann plis bagay sou plan aprantisaj ak pwogrè pitit ou a pandan tout ane a epi pou w enfòme l sou li.

Ou Bezwen Plis Sipò?

Ale sou sit entènèt fanmi NYCPS la(www.schools.nyc.gov/ELD-curriculum) oswa pale ak pwofesè ENL (Anglè kòm yon Nouvo Lang) lekòl ou a oubyen kowòdonatè paran an.

Ann travay ansanm pou ede pitit ou grandi kòm yon moun ki gen konfyans nan tèt li epi ki ka aprann plizyè lang.